

# Aktivite Eksplòre Matematik pou fanmi

Yo adapte de aktivite sa yo apati kourikoulòm blòk konstriksyon (*Building Blocks*) an, ke yo mete anjeneral nan salklas *Explore pre-K* yo. Yo adapte aktivite yo pou timoun laj twa ak katran epi yo ka fè yo fasilman lakay avèk fanmi ak lòt moun k ap bay swen, avèk tikras materyèl nesèsè. Yo fè yo pou yo agreyab ak amizan pandan y ap kore tou devlopman timoun lakay.

## **Aktivite 1: I Spy Shapes**

**Materyèl ou bezwen:** Okenn.

### **Kòman pou jwe:**

- Envite pitit ou a jwe yon vèsyon figi jwèt klasik, “I spy!”
- Tann tou pa w pou bay apèsi sou figi ou wè lakay ou. Paegzanp, “Mwen wè yon bagay ki se yon rektang.” Apresa, ede pitit ou a jwenn objè sa a nan kay la ki se rektang ou te “wè a.”
- Kòm timoun yo pre olye pou di non ki tip figi, bay apèsi sou figi a. Paegzanp, “Mwen wè yon bagay ki gen kat kote.”

### **Poukisa jwèt sa a?**

- Figi tout kote ozalantou nou! Lè w pale sou figi yo sou fòm jwèt epi eksplòre figi ki nan anviwònman an sa bay timoun yo yon baz solid nan jewometri.

## **Aktivite 2: Menm longè ak bra m (As Long As My Arm)**

**Materyèl ou bezwen:** Fisèl.

### **Kòman pou jwe:**

- Ede pitit ou a koupe yon bout fisèl ki menm longè ak bra l.
- Montre pitit ou a kòman pou l mezire lè li aliye yon pwent riban an ak arebò yon objè pitit ou a vle mezire.
- Chèche nan kay la bagay ki pi kout, pi long oswa menm longè ak “bra”/fisèl pitit ou a.
- Pitit ou a ka vle tou fè yon graf: pliye yon papyè an twa pati epi make chak pati ak “pi long,” “pi kout,” “menm longè.” Envite pitit ou a desine bagay li jwenn nan seksyon ki koresponn lan

### **Poukisa jwèt sa a?**

- Timoun yo kòmanse enfòmè sou mezi lè w konpare dirèkteman de objè epi di kiyès ki pi long/pi kout. Atravè eksplorasyon sa a, timoun yo pral wè petèt pou li ka konpare longè, lè li byen aliye objè yo nan yon pwent sa amelyore prezizyon.
- Jèn timoun enterese natirèlman nan sijè ki gen rapò avèk yo, kidonk, mezire yon bagay ki menm longè ak bra yo, sa motive yo.

*All Explore Family Math Activities are adapted from Building Blocks, © Clements & Sarama, 2013, McGraw-Hill Education.*